



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 22 PWOPRIYETE KE YO NOMINE POU RANTRE NAN REJIS PLAS ISTORIK ONIVO NASYONAL AK ETA

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke Komisyon Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande 22 pwopriyete adisyonèl, resous ak distri yo nan Eta ak rejis nasyonal plas istorik yo (State and National Registers of Historic Places). Nominasyon an reflekte sou anplè remakab istwa New York, klase apati premye lekòl yo pou ofri edikasyon spesyal nan sistèm lekòl Vil Buffalo, a yon konplèks lojman piblik Elmira ki nome apre yon figi chemendefè anbatè.

“Istwa New York se istwa peyi sa, e avèk nominasyon sa nan eritaj ak sit sa yo nou pral ede asire ke pati sa yo nan eta konsève ak mentni pou jenerasyon kap vini yo,”

Gouvènè Cuomo te deklare. “Afighe byen sa yo sou plas ak Rejis Istorik Nasyonal Eta ap peye omaj a figi istorik sa yo ansanm avèk aktivite ki te ede fòme New York nan gwo eta a e jodia, pandan nap avanse efò pou sipòte eritaj touris nan tout eta.”

Komisyonè Biwo Park, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik, Rose Harvey, te deklare,

“Mwen konplimante mèt pwopriyete sa yo paske yo te gen distenksyon remakab sa a. Se yon etap enpòtan pou anbrase konsèvasyon istorik kòm yon zouti pou kreye travay, pwomote touris, elaji lojman epi ankouraje envestisman prive, yo tout pandan yap konsève resous natirèl yo.”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik onivo federal ak eta. Estimile pa kredi taks reyabilitasyon istorik komèsyal federal ak eta te administre pa Biwo Prezèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te envesti \$550 milyon nan tout eta nan 2015 pou renove pwopriyete yo ki te liste nan rejis nasyonal plas istorik yo, pandan mèt pwopriyete yo ap itilize kredi taks pou reyabilitasyon istorik yo te envesti plis pase \$12 milyon nan tout eta nan amelyorasyon kay pou ede renove katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak Eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa ofisyèl prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo

liste nan Rejis Plas Istorik Eta New York la e apresa yo nomine nan rejis nasyonal plas istorik la, kote yo revize yo, epi yon fwa yo apwouve, yo rantre nan rejis nasyonal la. Wap jwenn plis enfòmasyon ak foto sou nominasyon yo disponib sou [sitwèb](#) Biwo Parks, Recreation ak Prezèvasyon Istorik.

VIL NEW YORK

Hudson Theatre, New York – Konstwi nan 1902-03 nan kad yon pwodiktè anpi teyat selèb Henry B. Harris, teyat Beaux-Arts se youn nan ra premye teyat nan 20^{yèm} syèk la nan Distri Teyat Broadway nan Manhattan.

HUDSON VALLEY

Blauvelt-Cropsey Farm, Clarkstown – Erije pou fanmi Blauvelt toupre tounan 19^{yèm} syèk la, kay Blauvelt-Cropsey se yon rezidans ki gen yon enpak otman enpresyonan ki antreteni rezidans sa melanje bilding Olandè ak Angle. Depi ane 1890 yo li te asosye avèk fanmi Cropsey, manm yo abite la jiska jodia.

John Green House, Nyack – Bati ca. 1819, se youn nan kèk strikti ki rete nan premye peryòd kwasans nan Nyack e li te kay John Green, wòl li nan etabli Nyack Turnpike ak sèvis bato a vapè ki te ede transfòme kominote a an yon syèj komèsyal rejyonal.

Stanfordville Station, Stanfordville – Konstwi nan ane 1889, konplèks la se dènye nan twa estasyon ki te bati pandan peryòd kout chemedefè Poughkeepsie ak Connecticut, ki te etabli pa konpayi Pon Chemendefè Poughkeepsie (Poughkeepsie Railroad Bridge Company) pou konplete avèk wout lès-lwès.

St. John Episcopal Church, Pleasantville – Erije nan ane 1912, legliz entak modèl renesans ansyen Gothic ak sal pawasyal 1928-29 te rekonèt pou anblèm remakab lokal yo. Konplèks la gen ladan tou yon lojman c1800 ki te enkòpore apre nan pawas la kòm yon presbitè.

CAPITAL REGION

Simityè Cornwallville (The Cornwallville Cemetery), Cornwallville – Li te premye itilize pou antèman nan 1824, simityè a te sèvi kòm yon plas repo final pou anpil nan pèsonalite enpòtan kominote sa, pami yo gen ladan premye kolon seksyon riral la, Kapitèn Daniel Cornwall, yon veteran nan Revolisyon Ameriken ki te soti nan Connecticut avèk fanmi I nan 1788.

International Shirt & Collar Company Building, Troy – Bati nan ane 1876 pou tretman grenn sereyal an malt pou brasri, li te vin fè pati pita nan endistri fabrikasyon vil la, sa ki te domine vil la nan tounan 20^{yèm} syèk la.

The Moss Street Cemetery, Kingsbury – Premye kavo simityè a konsidere tankou yon veteran Ameriken Natif enkonni nan Lagè Endyen & Fransè ki te antere nan kòmansman

ane 1780 yo; li gen ladan kavo anpil rezidan potanta nan vil la, pami yo gen veteran nan Lagè Revolisyonè Ameriken 1812, ak Lagè Sivil.

MOHAWK VALLEY

Distri Istorik East Bagg's Square (Bagg's Square East Historic District), Utica – Lokalize nan pati sid Mohawk River, kote apatman ba altitud yo te adapte pou yon seksyon mòd transpòtasyon –toudabò a pye ak sabo, apre nan itilize bato, tren, ak otomobil – distri a reflekte delvopman Utica kòm yon sant transbòdman nan 19^{yèm} pou rive nan 20^{yèm} syèk la.

SANTRAL NEW YORK

Distri Istorik Hawley-Green Street (The Hawley-Green Street Historic District) (Ekspansyon Fwontyè), Syracuse – Ekspansyon an 107 bilding ki kontribye avèk yon talan rich melanje modèl achitekti – bati ant 1824 a 1930 – nan distri istorik la ki te etabli orijinalman nan 1979.

Oak Knitting Company, Syracuse – Konstwi nan faz apati 1899, moulen an te youn nan premye gwo bilding endistriyèl ki te konstwi sou marè tè plat nan seksyon nòdwès nan vil la apre premye deklen endistri sèl nan vil la.

The Syracuse Lighting Company Building, Syracuse – Bati nan sis seksyon ant 1893 ak 1950, izin enèji a te bay elektrisite a plizyè santèn bilding endistriyèl nan vil la, afekte dirèkteman kwasans ak divèsifikasyon endistri nan Syracuse.

SOUTHERN TIER

Common School 32, Trout Creek – te konstwi pafwa ant 1860 ak 1880, Common School 32 te kenbe fòm anblematik la de yon lekòl riral yonsèl chanm nan 19^{yèm} syèk e li te dènye lekòl yonsèl chanm nan vil la preske nan ane 1968.

George Washington School, Elmira – Yon pwojè Administrasyon Travay Piblik nan epòk Gwo Depresyon, lekòl modèl Art Deco te ouvè pòt li pou elèv yo nan ane 1940 e li te sèvi kòm yon lekòl elemantè lokal jis nan ane 2006.

John W. Jones Court, Elmira – ki te nome apre yon rezidan vil la ki te sove nan esklavaj e li te aktif nan chemendefè anbatè, pwojè lojman piblik apre-lagè e li te bati eksklizivman pou Afriken Ameriken, men tou li te gen efè malere pou deplase enstitisyon yo ki te fòme sant kiltirèl kominote Afriken-Ameriken Elmira.

Jewell Family Homestead, Guilford – Bati ozanviwon 1824 pa fanmi Jewell, kolon yo nan New Hampshire ki te vini gwo pwopriyetè teryen, kay la kounye a se yon egzanzprezan tan entak nan New England, sant rezidans plan chemine, youn nan fòm achitekti domestik ki pi popilè nan rejyon yo ki peple pa Nouvo Angle yo nan fen 18^{yèm} ak nan kòmansman 19^{yèm} syèk.

FINGER LAKES

Distri Istorik East Main Street (East Main Street Historic District), Rochester – Katye entak anba lavil la gen ladan yon melanj bilding ki ansanm montre kwasans ak devlopman sant detayan ak komèsyal istorik nan pati lès Rochester apati bilding konstriksyon Chase Tower nan 1973.

Distri Istorik Anba Lavil Le Roy (Le Roy Downtown Historic District), LeRoy – Koleksyon bilding komèsyal ak rezidansyèl ki otman entak, bati ant ane 1811 ak 1963 nan atè prensipal trafik nan Le Roy, demontre kwasans li nan règleman fwontyè an yon kominote nan tounan 20yèm syèk la.

The Terminal Building, Rochester – Bati nan 1924-26 kòm premye bilding nan front Broad Street, bilding biwo a se yon modèl reyalizasyon ak kwasans ak transfòmasyon anba lavil Rochester nan ane 1920 yo, apre akduk Kanal Erie te transfòme an yon pasaj otomobil ak tren.

PATI LWÈS NEW YORK:

Buffalo Milk Company Building, Buffalo – Konstwi ant ane 1903 ak 1905, Konpayi Lèt Buffalo a, sa ki te refòme apre kòm Queen City Dairy, te itilize bilding lan pou pasterizasyon lèt, premye konpayi lèt a gran echèl pou fè sa nan Buffalo.

F.N. Burt Company Factory “C”, Buffalo – Bilding faktori lajounen an te konstwi nan ane 1911 pou pi gwo pwodiktè bwat pou sigarèt ak komestik nan Etazini. Tankou lòt bilding sivivan faktori Burt, Faktori C asosye tou avèk manadjè jeneral Mary R. Cass, ki te youn nan fi egzekitif ki te gen plis siksè nan peyi a.

Buffalo Public School #24 (PS 24), Buffalo – Kòmanse nan ane 1930 yo, PS 24 te loje plizyè klas “sight-saving”, e pandan deseni ki vini apre a bilding lan te non sèlman vini “katye jeneral” klas pou avèg, men tou pou plizyè pwogram ki fèt pou etidyan yo ki gen andikap entèlektyèl, lwa federal ak eta ki te date anvan ki reglemante edikasyon pou tout etidyan yo ki gen bezwen spesyal.

###